Kijan Yo te Fè Seleksyone M pou Souskripsyon?

Pwogram Depopulation Choices Citizens pou Liy Pèsonèl yo ede jwenn kouvèti asirans nan mache prive a tout lè sa posib. Konpayi asirans otorize yo nan mache prive a ka mande pou souskri (retire) kontra asirans Citizens ki pa annatant anilasyon, ki fiske pou pa renouvle oswa ki seleksyone pou souskripsyon ak yon lòt konpayi asirans. Souskripsyon ka fèt nenpòt lè pandan peryòd yon kontra asirans.

Konpayi yo sou mache prive a mande apwobasyon Biwo Kontwòl Asirans (Office of Insurance Regulation, OIR) pou retire kontra asirans yo nan men Citizens.

OIR egzamine finans konpayi souskripsyon yo, kontra asirans aktyèl yo ak kontra asirans yo mande pou souskri yo.

Si OIR apwouve yon demann, li fikse yon kantite maksimòm kontra asirans Citizens yon sèl konpayi ka retire.

Konpayi souskripsyon an chwazi kontra asirans yo li vle retire nan Citizens. Plizyè konpayi kapab chwazi menm kontra asirans yo, epi moun asire yo ka chwazi òf yo prefere yo.

Citizens voye pa lapòs ba moun asire yo yon *Lèt Òf ak Fòm Chwa Moun Asire*, **ki gen ladann tout òf ki disponib yo, estimasyon prim pou renouvèlman yo ak fèy travay sou kouvèti asirans yo.**

Moun asire yo egzamine enfòmasyon ki soti kay chak konpayi souskripsyon epi moun yo detèmine si yo vle aksepte youn nan òf yo oswa si yo vle rete avèk Citizens.

Moun asire yo soumèt chwa yo sou entènèt nan *www.citizensfla.com/online-choice* **oswa yo kolabore avèk ajan yo a pou chwazi. Chwa a dwe anrejistre bò kote Citizens oplita nan dat limit ki endike nan** *Lèt Òf ak Fòm Chwa Moun Asire* **a.**

Akseptasyon fèt pou kontra asirans ki kalifye kote gen yon òf youn nan konpayi souskripsyon yo ki te seleksyone ak pou sa yo ki pa gen okenn chwa ki anrejistre nan yo. (Si pa gen okenn chwa ki anrejistre, Citizens afekte kontra asirans lan ba youn nan konpayi mache prive yo ki te fè yon òf akseptasyon.)

Citizens voye lèt konfimasyon pou kontra asirans ki aksepte avèk siksè yo. Yo voye lèt tou bay moun asire ki te chwazi pou yo rete avèk Citizens ak sa ki pa te aksepte yo.

CITIZENS
PROPERTY INSURANCE CORPORATION

Pou jwenn enfòmasyon anplis sou souskripsyon, kontakte ajan ou oswa Sant Sèvis Kliyan Citizens lan nan 866.411.2742, oswa ale sou *https://www.citizensfla.com/depopulation.*